



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON POU YO LIMEN BILDING AK ESTRIKTI ANBLEMATIK YO TOUPATOU NAN ETA NEW YORK AVÈK KOULÈ JÒN ABRIKO ASWÈ A POU MAKE JOUNEN SANSIBILIZASYON NASYONAL KONT VYOLANS ZAM

New York ap patisipe avèk nasyon an nan rekonèt Jen kòm [Mwa Sansibilizasyon kont Vyolans Zam](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstriksyon pou yo limen bilding ak estrikti anblematik yo toupatou nan eta a avèk koulè jòn abriko aswè a, Vandredi 7 Jen, pou make Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam (National Gun Violence Awareness Day) ane 2019 la, epitou [Mwa Sansibilizasyon kont Vyolans Zam a \(Gun Violence Awareness Month\)](#) ak kòmansman [Wikenn Mete Jòn Abriko a \(Wear Orange Weekend\)](#).

"Poutèt jan zak vyolans ensanse yo ap fèt avèk yon regilarite efreyan, li pi enpòtan toujou pou nou kenbe kesyon sa a nan premye plan epi pou nou fè presyon sou gouvènman federal la pou li finalman fè yon bagay", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York deja gen kèk nan lwa sou zam afe ki pi solid nan nasyon an - kounye a Washington dwe suiv egzanp nou. M ap bay enstriksyon pou yo limen moniman yo toupatou nan eta a jòn abriko aswè a pou make Jounen Sansibilizasyon Nasyonal kont Vyolans Zam a."

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Chak jou trajedi vyolans ame touche kominote yo toupatou nan Eta New York ak nan nasyon nou an. Gouvènman eta nou an gen responsablite pou li lite kont epidemi sa a gras a lejislasyon serye sou sekirite nan zafè zam afe ak kanpay sansibilizasyon. Lè nou limen moniman yo toupatou nan eta a sa pral demontre tou nou soutni efò ki gen bon sans yo pou sekirite nan zafè zam afe. Pandan n ap rekonèt Jen kòm Mwa Sansibilizasyon kont Vyolans Zam, lespwa mwen se pou nou sonje moun ki pèdi lavi yo poutèt vyolans ame, epi onore memwa yo nan kontinye pwopoze efò sekirite nan zafè zam afe pou pi byen pwoteje kominote nou yo."

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Kòlèg mwen yo avèk mwen nan Majorite Asanble a ap mande depi lontan refòm ki gen bon sans pou sekirite nan zafè zam afe poutèt nou kwè nou kapab epi nou dwe fè plis pou anpeche vyolans ame. Nou refize aksepte trajedi ensanse sa yo kòm kou aksè san restriksyon a zam afe. Jodi a, n ap onore viktim ak sivivan vyolans ame yo epi n ap reyafime angajman nou nan garanti lwa nou yo mete lavi ak sekirite Nouyòkè yo devan".

"Se avèk fyète nou pran devan nan adopte refòm ki gen bon sans nan sekirite nan zafè zam afe tankou paregzanp Pwojè Lwa Drapo Wouj la (Red Flag Bill), nou te vwayaje

nan eta a pou defann li lane pase", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.**
"Pandan gouvènman federal la ap inyore reyalite vyolans ame a, nou pran renn lidèchip la pou pwoteje piblik la. Pandan tout mwa sa a ak chak mwa, nou sonje viktim yo, rekonèt enpòtans sansibilizasyon, epi ankouraje Washington pou li pran mezi pou sove lavi jan nou fè l nan New York."

Moniman yo pral limen jòn abriko aswè a se:

- One World Trade Center ak Pon Kosciuszko nan Vil New York
- Pon Governor Mario M. Cuomo sou Rivyè Hudson lan ant Tarrytown ak Nyack
- Bilding Biwo Eta Governor Alfred E. Smith la, Bilding Edikasyon Eta a (State Education Building) ak bilding administrasyon State University of New York la, yo tout nan Albany
- Kanpis SUNY yo: Rockwell Hall nan Buffalo State, Hartwell Hall nan College at Brockport, Collaborative Learning Center nan Jefferson Community College, Upstate Medical University Children's Hospital nan Syracuse, antre prensipal yo nan SUNY Cortland ak Binghamton University Library Tower
- Baryè Antre a (Entrance Gate) ak Bilding Ekspozisyon an (Exposition Building) nan Gran Ekspozisyon Eta New York la (Great New York State Fair) nan Syracuse

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)